



Pou Piblikasyon Imedya: 6/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKÈ LEJISLATIF POU RANFÒSÈ PWOGGRAM  
ENTERPRISE BIZNIS KE FANM AK MINORITE YO POSEDE K AP MENNEN NAN  
PEYI A**

*Lejislasyon (A.9259-A/S.3390-A) ede anpeche fwod ak abi nan pwogram Antrepriz  
Biznis ke Fanm ak Minorite yo Posede (MWBE) epi kreye yon kad pou yon fon  
pou envestige ak fè odit kont fwod*

*Lejislasyon (A.6420/S.571) pèmèt biznis yo itilize fon Pwogram Devlopman ak Prè  
MWBE a pou refinanse dèt ki egziste deja yo*

*Lejislasyon (A.10459/S.9351) pèmèt Vil New York akòde kontra jiska 1 milyon dola  
bay MWBE yo san yon pwosesis konpetitif fòmèl*

*Anonse tou to itilizasyon MWBE New York la se to ki pi wo nan nasyon an ak  
prèske 3 milya dola nan kontra Eta yo ke yo bay MWBE yo*

*Rapò anyèl la disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif ki pral ranfòse pwogram Antrepriz Biznis ke Fanm ak Minorite yo Posede (Minority- and Women-Owned Business Enterprises, MWBE) nan New York la k ap mennen nan peyi a. Gouvènè a te siyen nouvo lejislasyon an konjonksyon avèk 12èm fowòm Anyèl MWBE Eta a, ki pral dewoule jiska 7 oktòb. Gouvènè a te anonse tou ke Eta New York te depase objektif li pou itilizasyon MWBE nan kad kontra Eta New York ak yon to itilizasyon 30.64 poustan pandan Ane Fiskal 2022 a, to itilizasyon MWBE ki pi wo nan peyi a pou yon dezyèm ane konsekitif. Yo te akòde plis pase 3 milya dola kontra Eta a bay antrepriz MWBE yo pandan peryòd Ane Fiska 2022 a, ak prèske 24 milya dola nan kontra eta a yo te bay MWBE yo depi 2011. Siyati pwojè lwa a, anplis ogmantasyon konstan nan to itilizasyon MWBE New York la, montre angajman Gouvènè Hochul pran pou sipòte MWBE yo epi pou l vin yon chanyon pou pi gwo opòtinite ekonomik nan tout eta a.

"New York tire fòs li nan divèsite li, epi se yon priorite pou administrasyon mwen an pou asire ke opòtinite ekonomik yo enklizif ak ekitab atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan de ane konsekitif, to itilizasyon MWBE ki pi enpòtan nan peyi nou an mete aksan sou angajman nou pou nou bay zouti ak resous ki nesesè yo pou tout moun

kapab kreye chemen siksè ekonomik. Kontinyasyon gwo pou santaj itilizasyon MWBE nan New York la demonstre angajman Eta a pou defann pi gwo egalite opòtinite ekonomik pou MWBE yo."

"Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, New York depase objektif itilizasyon nou an pou dezyèm ane konsekitif epi n ap kontinye ede kraze baryè yo epi elaji opòtinite pou MWBE yo atravè Eta a", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare**. "New York pran angajman pou l ofri resous enpòtan pou biznis ke Fanm yo ak Minorite yo posede pou ede yo reyisi paske ekonomi nou an pi solid lè li divèsifye, aksesib epi enklizif."

Lejislasyon (A.9259-A/S.3390-A) pral anpeche fwod ak abi nan Pwogram MWBE a epi kreye yon fondasyon pou yon fon ki pral envestige ak fè odit kont move konduit nan Pwogram nan. Yon rapò 2014 pa Gran Jiri Tribunal Siprèm Eta New York la te revele ke plis pase 10 milyon dola ki te gen entansyon pou MWBE onèt te ale nan fwod ki pa MWBE pito, sa ki twonpe MWBE lejitim yo nan kontra yo. Lejislasyon sa a pral asire entegrite pwogram nan lè li kreye yon rejis MWBE nan eta, sa k ap ogmante amann pou fwod, epi etabli yon fon MWBE pou mennen ankèt sou move konduit.

**Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare**, "Mwen kwè nan pouvwa Biznis Fanm ak Minorite yo posede pou konble eka nan richès yo, divèsifye ekonomi nou an, ak kreye yon avni pwospere pou kominate nou yo atravè eta a. Pwojè Iwa Sena S3390 la, etabli garanti pou Pwogram Antrepriz Biznis ke Fanm ak Minorite yo Posede pou anpeche fwod ak abi Pwojè Iwa sa a pral ranfòse fon Antrepriz Biznis ke Fanm ak Minorite yo Posede epi asire ke fon an ap fonksyone san patipri epi opòtinite li yo rete aksesib pou antrepriz sa yo nan New York. Mwem vle remsyé gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Carl Heastie, Lidè Majorite Asanble a Crystal Peoples-Stokes, ak kòlèg mwen yo nan toulède chanm yo paske yo te sipòte lejislasyon sa a pou ouvri pòt pou antreprenè ki se fanm ak moun ki koulè yo nan tout eta a."

**Lidè Majorite Asanble a Crystal D. Peoples-Stokes te deklare**, "Mwen fyè de to itilizasyon MWBE Eta New York ki pi enpòtan nan peyi a. Asire entegrite Pwogram MWBE a enpòtan anpil, epi mwen felisite Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon sa a ki pral ede minimize fwod MWBE, bay plis transparans, epi bay opòtinite pou MWBE sètifye yo."

Lejislasyon (A.6420/S.571) pral pèmèt biznis yo sèvi ak lajan ki soti nan Pwogram Developman Biznis ak Prè pou Biznis ke Fanm ak Minorite yo Posede pou refinanse dèt ki egziste deja. Pou anpil pwopriyetè biznis, kat kredi komèsyal yo se premye ak sèl mwayen pou jwenn aksè ak kredi, ki souvan vle di to enterè ki wo sou dèt. Pèmèt biznis yo refinanse dèt sa a nan kad youn nan pwogram mikwo-kredi Eta a ki egziste deja, sa ka redui peman enterè yo rive jiska 1,200 dola pou pi piti, sa ki ka fè biznis lan ekonomize prèske 3,000 dola chak ane.

**Senatè James Sanders Jr. te deklare**, "Pwojè Iwa sa yo ki te siyen pa Gouvènè a pral ankouraje ak ranfòse Antrepriz Biznis kw Fanm ak Minorite yo Posede nan ogmante opòtinite pou yo grandi. Pandan n ap fè tranzisyon nan direksyon yon epòk apre

COVID, ekonomi New York pral benefisyé anpil gras ak MWBE solid k ap kontribiye nan kreyasyon djòb ak kwasans ekonomik."

**Manm Asanble Rodneyse Bichotte Hermelyn, te deklare,** "Mwen onore pou m wè de pwojè lwa mwen yo ke yo patwone (A.6420/S.571) ak (A.10459/S.9351) ki ogmante opòtinite pou MWBE yo vin tounen lwa. Lè mou pèmèt biznis yo sèvi ak pwogram devlopman ak prè MWBE yo pou refinanse dèt ki egziste deja yo epi lè nou pèmèt NYC bay MWBE yo yon kontra ki rive jiska 1 milyon dola san yo pa gen yon pwosesis konpetitif fòmèl, n ap franchi de etap monimantal nan direksyon pou egalite pou MWBE yo ak kraze baryè ki pèmèt yo jwenn pòsyon ki jis pa yo nan gato ekonomik la. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a paske yo te sdopte yon pake lejislatif ki pral bay MWBE yo opòtinite yo bezwen e yo merite pou yo reyisi san patipri. Kounye a, MWBE yo p ap ralanti pa pwoblèm refinansman ak baryè pwosesis konpetitif ke yo te pote yon fado enjis ak yo. Dènye done yo montre ke New York ap dirije nasyon an nan to itilizasyon MWBE li yo, e ke nou pran angajman san pran souf pou nivele teren jwèt la ak kreye opòtinite ekonomik egal pou tout moun."

Lejislasyon (A.10459/S.9351) pral otorize Vil New York la pou ogmante kantite lajan yo bay MBWE yo pou kontra ki pa konpetitif soti 500,000 rive 1 milyon dola. Vil la te antreprann anpil efò pou adrese diskriminasyon sa yo, tankou fikse objektif patisipasyon soutretan yo pou MWBE yo, epi anvan sa, ajans Vil yo te kapab kontrate MWBE yo pou kontra ki pa depase 500,000 dola nan MWBE yo san yon pwosesis konpetitif fòmèl. Nouvo lwa a pral pèmèt Vil la ogmante limit akizison an a 1 milyon dola, ki pral amelyore aksè ak kapital pou MWBE yo k ap chèche antre nan kontra Vil la. Lejislasyon sa a se te yon pwojè lwa sou pwogram vil la ke Majistra Vil New York la, Eric Adams, te pwopoze.

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Jodi a se yon viktwa enpòtan pou Biznis Minorite ak Fanm yo se nan Vil New York, ansanm ak kominate Nwa ak Mawon yo atravè eta a. Lè nou ogmante limit diskresyonè sou kontra vil yo pou M/WBE yo a 1 milyon dola, n ap estabilize teren an pou Nouyòkè ki soti nan divès orijin — sa ki pèmèt nou batí nan direksyon yon avni ki pi jis ak ekitab. M/WBE nou yo te soufri atravè pandemi an akòz ralantisman to fòmasyon biznis ak kwasans travay, anplis de sa yon gwo ogmantasyon nan fèmti biznis yo. Jodi a, n ap montre M/WBE nou yo ke nou sipòte yo. Mwen vle remèsyé Gouvènè Hochul pou angajman li anvè MWBE yo ak patnè nou yo nan Lejislati a ki te ede nou pran etap enpòtan sa a pou ede mennen rekiperasyon ekonomik nou an, pandan n ap adrese yon defi jenerasyonèl ki anrasinen nan inegalite istorik yo."

Tèm pou 12èm Fowòm Anyèl MWBE a se "Konstwi yon Avni Ekitab" ki mete aksan sou sipò Eta New York bay konpayi MWBE yo pou yo vin pi konpetitif nan yon mache k ap chanje tout tan. Fowòm ibrid ane sa a ofri evènman an pèsòn ak sesyon sou entènèt ki rasanble MWBE yo, ajans ak otorite eta yo, premye kontraktè yo, ak lòt patnè estratejik yo pou opòtinite enfòmatif ak rezotaj.

**Ofisye Divèsite Anchèf Eta New York Julissa Gutierrez te deklare**, "New York ap konstwi yon avni ekitab pou antreprenè ki se fanm ak moun koulè yo lè li nivle teren jwèt la pou asire otonomi ekonomik ak opòtinite kontra. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, nou ap trase wout la nan fè ekonomi nou an pi enklizif ak pi solid, sa ki reflete divèsite remakab Eta New York."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare**, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, angajman New York pou opòtinite egal pou MWBE yo demontre atravè to itilizasyon MWBE nou an - ki depase objektif nou pandan dezan youn apre lòt. Nou pral kontinye bay MWBE yo resous yo bezwen pou yo reyisi ak pwospere nan Empire State la."

Divizyon Developman Biznis Minorite ak Fanm yo (Division of Minority and Women's Business Development, DMWBD) defann egalite opòtinite ekonomik pou MWBE yo ak pou elimine baryè ki genyen nan patisipasyon yo nan kontra eta yo. Pandan plis pase 20 ane, DMWBD bay sètifikasyon ak sèvis developman biznis bay kominote MWBE a pou asire yo gen zouti ki nesesè pou grandi, reyisi ak pwospere nan Eta New York, epi DMWBD te gide ak sipòte Ajans ak Otorite Eta New York yo nan efò yo pou asire plis enklizyon MWBE yo nan opòtinite kontra eta yo.

**Vis Prezidan ak Direktè Egzekitif Divizyon Developman Biznis ki pou Minorite ak Fanm (Division of Minority and Women's Business), Empire State Development lan, Jerome A. DuVal, te deklare**, "Angajman eta nou an pran pou defann pi gwo egalite opòtinite ekonomik pou kominote MWBE divèsifye, inovan ak dinamik nou an te ede eta nou an non sèlman simonte defi ane fiskal 2021-22 a, ki gen ladan pandemi COVID-19 k ap kontinye a, men pou rebati pi bon pase anvan. Nou kontan anpil pou ane k ap vini an, pandan Divizyon an ap kontinye sipòte vizyon Gouvènè Hochul pou kontinye envesti, ak grandi, MWBE New York yo atravè pwogram otonòm, envertisman nan sèvis amelyore, ak sèvis elaji ki ede grandi richès jenerasyonèl la."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare**, "Nan NYPA, nou rekònèt kontribisyón enkwayab MWBE yo fè pou konstwi ekonomi enèji pwòp New York la. NYPA ap aktivman ranfòse relasyon li ak divès biznis yo atravè sesyon fòmasyon, angajman, ak novo pwogram divèsite founisè yo. Nou pran angajman pou bay MWBE yo fòmasyon ak edikasyon yo bezwen pou ogmante kapasite yo ak konpetans yo. Ansanm, n ap rann li pi fasil pou ranpli kontra NYPA ak Canal Corporation lan ak MWBE ki kalifye e dinamik yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Dòtwa Eta New York la, Reuben McDaniel III, te deklare**, "Nou rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul nan sipòte ak ranfòse angajman New York pou kreye opòtinite pou tout Nouyòkè yo, sitou biznis ke fanm ak minorite yo posede. DASNY fyè de kontribisyón nou pou asire ke kontraktè Eta ki esansyèl pou ranfòse ekonomi New York ak batì yon enfrastrikti dirab reflete divèsite fòmidad popilasyon Eta New York la. Lejislasyon sa a pral ede biznis k ap grandi sa yo benefisyé opòtinite kontra sektè piblik ki kapab tèlman enpòtan pou kwasans biznis sa yo."

Divizyon Developman Biznis ki pou Minorite ak Fannm ESD a te soti rapò anyèl li a tou pou Ane Fiskal 2022 a. Pandan Ane Fiskal la, New York te rive nan pi wo nivo konpayi MWBE sètifye nan istwa eta a, ak plis pase 9,700 konpayi sètifye, epi Eta a te ogmante angajman reyjonal ak sipò pou elaji travay ak prezans MWBE yo atravè tout rejon eta yo. Rapò a esplike reyalizasyon istorik sa yo ak siksè Eta New York te fè pou sipòte MWBE yo pandan ane ki sot pase a ak pandan tout listwa. Ou kapab jwenn rapò konplè a [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418